



Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VIL NEW YORK PRAL ANTRE NAN PREMYE FAZ  
NAN RE-OUVÈTI A NAN DAT 8 JEN EPI JODI A SENK REJYON ANTRE NAN  
DEZYÈM FAZ NAN RE-OUVÈTI A**

*Li anonse endistri adisyonèl ki swiv konsèy sekirite ak distans sosyal estrik yo  
ka re-ouvri nan New York Santral, Finger Lakes, Mohawk Valley, North Country  
ak Southern Tier nan kad dezyèm faz la jodi a*

*Li mete sou pye nouveau tablo sistèm avètisman anvan lè pou totalize ak organize  
done COVID-19 Eta New York yo an patenarya avèk ekspè nan konte, rejyonal,  
eta ak ekspè mondyal yo*

*Li konfime 1,551 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan  
tout Eta a rive 368,284; gen nouveau ka nan 48 Konte*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Vil New York pral antre nan premye faz nan re-ouvèti a nan dat 8 jen epi senk lòt rejyon—New York Santral, Finger Lakes, Mohawk Valley, North Country ak Southern Tier—ka antre jodi a nan dezyèm faz nan re-ouvèti a. Faz 2 a pèmèt travayè ki baze nan biwo, sèvis byen imobilye yo, nan magazen ki vann an detay ak kèk sèvis kwafè yo pou reprann. Chak endistri sijè a konsèy espesifik eta pou maksimize sekirite ak distans sosyal. Enstriksyon pou biznis sou dezyèm faz nan plan re-ouvèti Eta a disponib [isit la](#).

Gouvènè Cuomo te anonse tou aplikasyon yon nouveau tablo avètisman anvan lè ki totalize efò koleksyon done eta a pou Nouyòkè yo, otorite gouvènman yo ak ekspè yo pou kontwole ak revize kijan yo ka metrise viris la sou yon baz kontinyèl. Li retrase nouveau enfeksyon ak gravite yo, kapasite lopital pa rejyon, ak lòt paramèt yo. Tablo sistèm avètisman anvan lè a te devlope an konsiltasyon avèk ekspè ki rekonèt nan nivo entènasyonal yo ki deja ap konseye Eta New York. Ou ka jwenn tablo avètisman anvan lè a [isit la](#).

"Sonje byen ke re-ouvri pa vle di ke nou pral retounen nan nivo nou te ye a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lavi se pa retounen dèyè. Okenn moun pa retounen dèyè. Nou prale pi devan. Epi li pral diferan. Sa a se sou re-ouvri nan yon nouveau nòmal — yon nòmal ki pi an sekirite. Moun yo pral mete mask epi moun yo pral pran distans sosyalman — se yon nouveau fason pou kominike, ki se sa ke nou dwe fè. Mete yon mask, teste epi pran distans sosyal."

**Doktè Michael Osterholm, Direktè nan Sant pou Rechèch ak Règleman pou Maladi Kontajyez (Center for Infectious Disease Research and Policy) nan**

**Inivèsite Minnesota, te deklare**, "Kòm yo te bay 5 premye rejjyon Eta New York yo fevè pou yo kòmanse bouje soti nan faz 1 pou rive nan faz 2, li enpòtan anpil pou genyen done atan pou kontwole nouvo enfeksyon, ospitalizasyon, ak kapasite lopital la. Nouvo tablo avètisman anvan lè Eta New York fè sa sèlman — li pral ede ankouraje plis transparans nan efò gouvènman an pou pwoteje Nouyòkè yo ak fanmi yo nan tout eta a".

**Doktè Samir Bhatt, Konferansye Prensipal (Pwofesè Asosye) nan Jewostatistik, Depatman Epidemiyoloji Maladi Kontajyez, nan Imperial College London, te deklare**, "Se yon privilèj pou mwen travay ansanm ak ekip New York la epi wè sa yo déjà akonpli nan yon ti bout tan konsa a. Nou toujou ap viv nan yon tan ensèten, epi yo dwe kontinye enfòme politik nan sèvi avèk anpil sous done jan sa posib epi done sa a ta dwe la pou tout moun wè. Tablo COVID sa a moutre ak transparans tout moun k'ap viv nan New York sa k'ap pase nan rejjyon pa yo. Kòm New York kòmanse fè kèk rejjyon bouje soti nan faz 1 pou rive nan faz 2, paramèt sa yo bay yon baz solid pou retrase maladi a. Premyèman, nou tcheke si yo ap satisfè objektif tès yo. Answit, nou gade kantite nouvo enfeksyon yo: mezire alafwa pa nouvo ka ak rapò pozitivite tès la. Nou gade gravite ka a tou, ke yo mezire pa nouvo ospitalizasyon an. Epi finalman, nou kontwole kapasite lopital la. Nou ap gade done sa yo ak anpil atansyon pou senk rejjyon yo ki pare pou avanse pou pi devan epibki vle wè yon siyal ki konsistan atravè tout paramèt yo. Tablo sa a ba nou yon sistèm avètisman anvan lè ki enpòtan si yo ta dwe chanzman tandans lan alavn'i".

**Doktè Eli Rosenberg, Pwofesè Asosye nan Epidemiyoloji ak Biyostatistik nan UAlbany, te deklare**, "Nouvo tablo avètisman anvan lè Eta New York la pral yon zouti enpòtan pou konpile done esansyèl nou bezwen pou konbat COVID-19 la sou tout ang. Mwen kontan tou pou m wè mwatye rejjyon New York yo travay pou re-ouvri san danje jodi a nan kad Faz 2, ki pral bay revni enpòtan ak djòb pou travayè ki vann an detay ak travayè byen imobilye yo, pou'm site sa sèlman, kote kriz sa a te mete yo aleka, pandan ke nou kontinye kontwole seryezman endikatè yo ki enpòtan pou kenbe sante publik eta a".

**Michael LeVasseur, Asistan Pwofesè nan Epidemiyoloji ak Biyostatistik, nan Drexel University, te deklare**, "Pandan yon kriz, transparans enpòtan anpil. Tablo avètisman anvan lè sa a se yon zouti enpòtan pou moun k'ap deside règleman yo, pwopriyetè biznis yo, ak moun yo pou pran desizyon enfòme sou done yo sou sekirite nan kominote yo. Li enpòtan pou moun itilize zouti sa a pou konprann ke pa gen okenn paramèt poukонт li ki ka detèmine sou ki pwen sekirite a ye pou reprann aktivite nòmal yo. Pandan ke tès yo ap ogmante, yo pral idantifye plis ka, men pouvantaj tès pozitif yo ka diminye. Sepandan, done ospitalizasyon yo, ka di nou fado maladi a nan kominote nou yo epi retrase kapasite lopital nou an bay nou enfòmasyon sou kapasite nou pou jere pwochen vag yo. Mwen aplodi efò ekip ou a paske yo bay publik la done sa yo".

**Dr Noam Ross, yon ajan ki kreye modèl nan zafè maladi nan gwoup rechèch san bi likratif EcoHealth Alliance, ki déjà ap konseye gwoup travay sou kowonavirus gouvènè a sou analiz done yo, te deklare**, "Lè sa gen pou wè ak nenpòt ijans sante publik, nou dwe swiv done yo pou enfòme desizyon politik yo, epi tablo avètisman anvan lè reflete chif nou dwe siveye chak jou yo pou konprann sa k'ap pase nan Eta

a. Li enpòtan pou piblik la kapab wè done ki enfliyanse priz desizon yo, e mwen felisite Eta New York paske li fè enfòmasyon sa yo lajman disponib".

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,551 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 368,284 ka konfime nan Eta New York. Nan total 368,284 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	1834	20
Allegany	45	0
Broome	557	12
Cattaraugus	86	1
Cayuga	89	5
Chautauqua	82	1
Chemung	137	1
Chenango	130	4
Clinton	95	0
Columbia	382	2
Cortland	39	0
Delaware	79	1
Dutchess	3887	20
Erie	5935	49
Essex	36	0
Franklin	21	1
Fulton	206	6
Genesee	199	2
Greene	237	1
Hamilton	5	0
Herkimer	107	1
Jefferson	74	2
Lewis	20	0
Livingston	118	0
Madison	310	0
Monroe	2860	36
Montgomery	84	2
Nassau	40226	86
Niagara	1008	24
NYC	201999	948
Oneida	988	29
Onondaga	2092	38
Ontario	205	4
Orange	10361	36
Orleans	216	4

Oswego	108	1
Otsego	71	1
Putnam	1241	5
Rensselaer	478	9
Rockland	13100	24
Saratoga	473	5
Schenectady	680	4
Schoharie	49	0
Schuyler	11	0
Seneca	57	1
St. Lawrence	202	1
Steuben	241	0
Suffolk	39445	86
Sullivan	1364	13
Tioga	126	0
Tompkins	157	1
Ulster	1663	5
Warren	254	1
Washington	232	1
Wayne	113	1
Westchester	33349	56
Wyoming	82	0
Yates	39	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)